

Pa Prezidan  
Thomas S. Monson



# Redekouvri espri Nwèl la

**S**a gen dèzane pandan m te yon jèn ansyen, yo te aple mwen menm avèk kèk lòt moun pou n t al nan yon lopital nan Vil Salt Lake pou al fè benediksyon pou kèk timoun malad. Lè nou te rantre, nou te remake yon abdenwèl ak bèl limyè l byen klere e nou te wè pake ki te byen vlope anba branch byen deplwaye l yo. Apresa nou te pase nan koulwa kote tigason ak tifi yo—kèk ladan yo te gen bra yo oswa janm yo nan plat, gen lòt ki te gen maladi ki te petèt pa t ka trete rapidman—te akeyi nou avèk vizaj souriyan.

Yon jèn tigason, ki te malad anpil anpil, te mande m: “Kijan w rele?”

Mwen te di l non mwen, epi li te mande: “Èske w ap ban m yon benediksyon?”

Li te resevwa benediksyon an, epi pandan nou t ap vire ale pou n kite bò kabann ni, li te di: “Mèsi anpil.”

Nou te fè kèk pa, epi apre m te tande l di: “O, Frè Monson, m swete w jwaye Nowèl.” Epi yon gwo souri te parèt sou figi li.

Tigason sa a te gen espri Nwèl la. Espri Nwèl la se yon bagay mwen espere pou nou tout genyen nan kè nou ak nan lavi nou—non sèlman nan sezon patikilye sa a men pandan tout ane a tou.

Lè nou gen espri Nwèl la, nou sonje Li menm n ap selebre nesans Li a nan sezon sa a nan ane a: “Jodia,

nan lavil David la, nou gen yon Sovè ki fèk fèt, ki se Kris la, Senyè a” (Lik 2:11).

Nan epòk pa nou an, espri bay kado a jwe yon gwo wòl nan selebre sezon Nwèl la. M ap mande m si nou pa ta pwofite mande tèt nou, Ki kado Senyè a ta vle *mwen* ba Li oubyen bay lòt moun nan sezon enpòtan sa a nan ane a?

Kite m sigjere ke Papa nou ki nan Syèl la ta renmen pou nou chak bay Li menm ak Pitit Gason l la kado obeyisans. Mwen santi tou ke Li ta mande nou pou nou bay tèt nou epi pou nou pa egoyis ni rapas ni gen lespri chirepit, jan presye Pitit Gason l la sigjere nan Liv Mòmmon an:

“Paske anverite anverite, m ap di nou, yon moun ki gen lespri chirepit se pa mwen ki voye l, men se dyab la, ki . . . souleve kè lèzòm pou yo goumen nan kòlè youn ak lòt.

“Gade, se pa doktrin pa m, pou souleve kè lèzòm nan kòlè youn kont lòt; men, doktrin mwen se pou bagay konsa sispann” (3 Nefi 11:29–30).

Nan bèl dispansasyon plenitud tan sa a, opòtinite nou genyen pou nou renmen ak rann sèvis yo san limit, men yo pasaje tou. Jodia, gen kè pou nou fè rejwi, pa-wòl janti pou nou di, aksyon pou nou fè, ak nanm pou nou sove.

Yon moun ki te byen konprann espri Nwèl la te ekri:

*M se Espri Nwèl la—*

*Mwen antre nan kay ki gen povrete, kote m fè timoun ki malad louvri je yo byen gran, ak bèl mèvèy.*

*Mwen fè menm moun ki egoyis la rilaks epi konsa sa mete yon bèl tach limyè nan nanm li.*

*Mwen fè moun ki aje a renouvle jenès li epi ri jan l te konn fè lè l te jèn.*

*Mwen kenbe womans vivan nan kè timoun, epi m klere somèy avèk bèl rèv majik.*

*Mwen fè pye ki enpasyon grenpe eskalye sonb ak panye byen ranpli, kote yo pati kite dèyè yo kè moun ki etone pou bonte ki gen nan mond lan.*

*Mwen fè pitit pwodig la poze yon ti moman nan chemen erans inital li a, pou l voye bay yon paran enkyè yon ti bagay ki fè l kriye ak lajwa—kriye ki efase rid chagren yo.*

*Mwen antre nan chanm prizon fènwa, kote m raple gason adilt ki dechire a sa ki ta ka genyen epi montre l pi bon jou ki ta kapab vini.*

*Mwen antre dousman nan kay blan plen doulè, epi bouch ki twò fèb pou pale jis tranble pou eksprime rekonesans elokan an silans.*

*Nan dè milye fason, mwen fè mond bouke a gade nan figi Bondye, e pandan yon ti moman bliye bagay ki piti ak mizerab yo.*

*Mwen se Espri Nwèl la.<sup>1</sup>*

Mwen swete pou nou chak dekouvri yon espri Nwèl renouvle—Espri Kris la.

#### **NÒT**

1. E. C. Baird, "Christmas Spirit," nan James S. Hewitt, ed., *Illustrations Unlimited* (1988), 81.

---

## **ANSÈYMAN KI SOTI NAN MESAJ SA A**

Pandan w ap pataje mesaj Prezidan Monson nan avèk fanmi an, panse pou mete aksan sou kesyon l poze sou ki kado Senyè a t ap renmen nou bay Li menm ak lòt moun yo nan sezon sa a. Ankouraje manm fanmi an

pou yo ekri panse ak ide yo (oubyen, pou jèn timoun yo, fè yon desen) sou fason yo ka "dekouvri yon nouvo espri Nwèl—ki se Espri Kris la."

## **JÈN YO**

### **Lavèy Nwèl pafè a**

**Pa Jerie S. Jacobs**

**P**andan m t ap grandi, youn nan bagay ki te pi enpòtan pou mwen chak ane sete Lavèy Nwèl. Fanmi m avèk mwen te konn fè pizza, al mache chante chan Nwèl, epi apresya reyini ansanm pou yon devosyon Nwèl. Nou te konn chante chan dezòdone a kat vwa epi jwe chan yo fò sou pil kalite enstriman mizik dwòl nou yo. Papa m te toujou fini sware a avèk yon panse Nwèl ki te fè dlo kontantman koule nan je nou. Pa t gen pi bon moman pase Lavèy Nwèl.

Lè m te yon ti kras pi gran, manman m te kòmanse ap okipe yon jèn vwazin, Kelly. Kelly te konn vini lakay nou chak jou apre lekòl pandan ke manman li, Patty, t ap travay. Kelly te konn suiv mwen toupatou tankou yon ti toutous—fò ak oblijan. Sete toujou yon soulajman lè Patty te konn vin chèche pitit fi l la epi l kite lakay mwen ak fanmi m anpè.

Yon Desanm, mwen te choke lè manman m te envite Patty ak Kelly pou vini nan lavèy Nwèl nou an. Lavèy Nwèl *pa m* nan. Manman m te souri epi l te rasire m: "Sa pa p chanje anyen." Men mwen te konnen pi byen pase sa. Yo ta pral manje tout pizza nou an. Kelly t a pral pase chante nou yo nan rizib. Mwen te reziye m pou m te pase pi move lavèy Nwèl ki te egziste.

Lè jou swa a te rive, Patty ak Kelly te vini, epi nou te pale epi nou te ri epi nou te chante. Manman m te gen rezon. Sa te pafè. A minui yo te remèsye nou epi yo te fòse ale. Mwen t al nan kabann mwen ak kè kontan. M te dekouvri ke kado Nwèl ki vrèman presye yo pa diminye lè nou pataje yo. Men olyesa, yo adousi ak miltipliye lè nou bay yo.



Lafwa, Fanmi, Sekou

# Vizit nan fwaye, yon travay sali

*Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi, si sa apwopriye, diskite li avèk sè w ap vizite yo. Itilize kesyon yo pou ede ou fòtifye sè ou yo epi fè Sosyete Sekou jwe yon wòl aktif nan lavi pa ou.*

**V**izit nan fwaye bay fi yo opòtinite pou youn veye, fòtifye, ak anseye lòt—se vrèman yon travay sali. Pa mwayen vizit nan fwaye, sè yo sèvi nan non Sovè a epi yo ede prepare fi yo pou benediksyon lavi etènèl yo.

Prezidan Spencer W. Kimball (1895–1985) te di: “Nou dwe ‘avèti, eksplike, egzòte, ak anseye, epi envite [lòt] moun pou vin jwenn Kris la’ (D&A 20:59), jan Senyè a di nan revelasyon l la.” Pi lwen, li di: “Temwayaj nou se yon zouti efikas pou fè sa.”<sup>1</sup>

Lè nou menm antanke enstriktis nan fwaye ogmante konesans nou sou verite levanjil yo, temwayaj nou fòtifye ak kore sè ki ap prepare pou batize ak konfime yo. Nou ede nouvo manm yo anrasi-nen yo nan levanjil la. Vizit nou ak lanmou nou ede “mennen moun ki egare yo tounen [ak] chofè kè moun ki refwadi yo nan levanjil la.”<sup>2</sup> Epi nou ankouraje sè yo pou yo vin jwenn Kris la nan ale nan tanp.

Prezidan Kimball te di enstriktis nan fwaye yo: “Ou pral sove nanm, epi yo va di ke anpil nan moun ki aktif yo nan Legliz la jodia aktif paske ou te ale lakay yo epi w te ba

yo yon nouvo vizyon, yon nouvel orizon. Ou te retire rido a. Ou te elaji vizyon yo. . . .

“Ou wè, w ap sove non sèlman sè sa yo, men petèt mari yo ak fwaye yo tou.”<sup>3</sup>

## Apati ekriti yo

Doktrin ak Alyans 20:59; 84:106; 138:56

## Apati Istwa Nou

Lè Pwofèt Joseph Smith te òganize Sosyete Sekou a, li te di ke fi yo te non sèlman gen pou veye sou pòv yo men pou sove nanm tou. Li te anseye tou ke fi yo nan Legliz la jwe yon wòl esansyèl nan plan sali Papa nou ki nan Syèl la.<sup>4</sup> Gide pa prensip Pwofèt Joseph Smith te anseye yo, nou menm antanke sè nan Sosyete Sekou, nou kapab travay ansanm pou prepare fi yo ak fanmi yo pou pi gwo benediksyon Bondye yo.

Prezidan Brigham Young (1801–77), te di: “Annou gen konpasyon youn pou lòt, epi se pou [moun ki] solid yo tandreman nourri sa k fèb yo fè yo vin fò, epi se pou moun ki ka wè yo gide moun ki avèg yo jiskaske yo kapab wè chemen an poukont pa yo.”<sup>5</sup>

## NÒT

1. Spencer W. Kimball, nan *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 116.
2. Eliza R. Snow, nan *Daughters in My Kingdom*, 83.
3. Spencer W. Kimball, nan *Daughters in My Kingdom*, 117.
4. Gade Joseph Smith, nan *Daughters in My Kingdom*, 171–72.
5. Brigham Young, nan *Daughters in My Kingdom*, 107.

## Kisa M Ka Fè?

1. Kijan Sosyete Sekou prepare m pou benediksyon lavi etènèl yo?
2. Kisa m ka fè pou ogmante lafwa moun ki sou kont mwen yo?

Pou plis enfòmasyon, ale nan [reliefsociety.lds.org](http://reliefsociety.lds.org).